



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO AKSEPTÉ REKOMANDASYON KÒ ENJENYÈ LAME A POU SIT LOPITAL TANPORÈ YO NAN NEW YORK

Eta New York prepare pour Kò Lame a kòmanse konstriksyon nan SUNY Stony Brook, SUNY Westbury, Sant Kont Westchester ak Sant Jacob K. Javits la

Li anonse ke FEMA pral bati lopital federal yo andedan Sant Javits lan - kat etablisman 250 kabann ki ranpli ak ekipman epi ki ranpli ak pèsonèl

Li anonse ke Eta a te lwe yon etablisman kay retrèt ki gen kapasite 600 kabann nan Brooklyn pou konvèti li nan yon lopital tanporè

Li mande gouvènman federal la pou egzekite imedyatman Lwa sou Pwodiksyon Defans lan — nasyonalize chèn apwovizyonman medikal la

Li mande gouvènman federal la pou li priyore veye finansman estimilasyon bay moun, gouvènman Eta ak lokal ak biznis yo - kontribyab yo dwe pataje nan siksè kòporasyon yo

Li achte 70,000 dòz idwoksiklowokin, 10,000 dòz Zithromax ak 750,000 dòz klowokin pou egzekite esè medikaman yo - esè yo pral kòmanse madi

Li ankouraje FDA pou apwouve imedyatman tè sèwolojik pou antikò COVID-19 yo

Li anonse yon Òdonans Depatman Ijans Sante a òdone pou tout lopital vini ak yon plan pou etann kapasite yo nan yon minimòm 50 pousan avèk yon objektif 100 pousan

Li anile tout operasyon fakiltatif, ki pa enpòtan yo - apati mèkredi 25 mas

Li bay enstriksyon ak Vil New York pou vini avèk yon plan pou revizyon nan yon peryòd 24 ètan pou adrese mank adezyon ak pwotokòl distans sosyal yo

Li konfime 4,812 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 15,168; nouvo ka nan 31 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te aksepté jodi a rekòmandasyon Kò Enjenyè Lame (Army Corps of Engineers) pou kat sit lopital tanporè nan Eta New York nan yon efò

pou adrese kesyon kapasite iminan yo kòm rezilta pandemi COVID-19 la. Gouvènè a te vizite kat sit - Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) la ak pozisyon yo nan SUNY Stony Brook, SUNY Old Westbury ak Sant Konvansyon Westchester — yè, epi Eta New York prepare pou Kò Enjenyè Lame a kòmanse konstriksyon imedyatman. Yo pral konstwi Lopital yo nan sit kanpis SUNY yo andedan avèk andeyò sipò tant epi yo pral itilize dètwa yo sou kanpis yo pou pèsònèl swen sante yo rete pandan yo ap travay sou sit yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Ajans Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Agency, FEMA) pral bati kat etablisman lopital federal anplis andedan Sant Javits lan, an plis de lopital tanporè yo ke Kò Lame a ap konstwi yo. Chak nan kat lopital federal yo pral genyen 250 kabann epi yo ap vini ranpli ak ekipman ak ranpli ak pèsònèl pa gouvènman federal la.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a ap kontinye pou idantifye rapidman sit yo pou transfòme etablisman swen sante aktyèl yo pou yo ka itilize yo kòm lopital tanporè. Eta a te lwe samdi a Sant Sante Brooklyn pou Reyabilitasyon ak Swen Sante (Brooklyn Health Center for Rehabilitation and Healthcare) a pou sèvi kòm yon lopital tanporè avèk kapasite jiska 600 kabann.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te rele gouvènman federal la pou aplike imedyatman Lwa sou Pwodiksyon Defans (Defense Production Act, DPA) la epi nasyonalize kontraktalizasyon ak acha apwovizyonman medikal la. Eta New York ap prepare pou wè yon mank nan apwovizyonman medikal ak ekipman pou pwoteksyon pèsònèl - oswa PPE - gen ladan mask yo, gan yo, wòb ak vantilatè yo. Mank sa a ap afekte tou lòt Eta yo, sa ki ap mennnen nan pri eksesik pa konpayi yo, lopital ki ap nan konkirans youn ak lòt ak Eta ki ap nan konkirans ak lòt Eta yo menm ak lòt peyi pou apwovizyonman. Aplike Lwa sou Pwodiksyon Defans lan tap bay gouvènman federal la otorite legal pou òdone konpayi prive yo pwodwi apwovizyonman enpòtan sa yo pou tout Eta yo.

Gouvènè a te mande tou gouvènman federal la pou li priyorize voye finansman estimilasyon bay moun, gouvènman Eta ak lokal ak biznis yo. Nan kad apèl li a, Gouvènè a te klè ke finansman pou kòporasyon yo pa ta dwe yon kado odetriman kontribyab yo, epi ke kontribyab yo dwe pataje nan siksè kòporasyon yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral kòmanse egzekite esè medikaman yo epi li te achte 70,000 dòz idwoksiklowokin, 10,000 dòz Zithromax ak 750,000 dòz klowokin. Esè sa yo pral kòmanse madi.

Gouvènè Cuomo te ankouraje tou Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou li apwouve tès sewolojik pou antikò COVID-19 yo, sa ki pral detèmine ki moun ki te deja gen viris la epi ki te geri. Sa pral pèmèt plis moun retounen travay, gen ladan travayè swen sante yo pou ede adrese mank pèsònèl medikal nan lopital yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou yon nouvo Òdonans Depatman Sante Ijans Eta (State Department of Health Emergency) a ki egzije tout lopital yo devlope yon plan pou

etann kapasite andedan yo lopital yo. Plan an dwe etann kapasite yo nan yon minimòm 50 pousan avèk yon objektif pou etann kapasite yo nan 100 pousan.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral òdone ke tout lopital yo dwe anile tout operasyon fakiltatif, ki pa enpòtan yo pou ede etann kapasite lopital yo - apati mèkredi 25 mas.

Aprè li te vizite Vil New York yè, Gouvènè a ap bay enstriksyon tou ak Vil New York pou vini ak yon plan pou Eta a revize nan pwochen 24 èdtan yo pou adrese mank adezyon ak pwotokòl distans sosyal yo nan zòn lan, gen ladan nan pak yo ak lòt espas piblik yo.

"Pou travèse kriz sa a nou bezwen asire nou ke lopital ak sistèm swen sante nou yo genyen ekipman, fasilite ak pèsònèl yo bezwen an pou trete pasyan yo ak sove lavi yo, epi nou dwe tou asire nou ke Nouyòkè yo ki gen lavi yo vire tèt anba akòz kowonaviris la jwenn soulajman finansye pou ede fè fas ak kriz sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan New York nou genyen yon plan an plas pou ogmante kapasite lopital ak apwovizyonman nou yo epi diminye fado finansye a sou Nouyòkè yo. Nou ap fè tout sa ki posib nou kapab fè, men nou pa kapab fèl sèl — nou bezwen èd gouvènman federal la. Mwen ap mande Prezidan an pou apwobasyon ak egzekisyon rapid etablisman lopital sa yo, pou li nasyonalize acha apwovizyonman medikal yo epi pou li priyoreze voye estimilasyon lajan bay moun yo. Tan an enpòtan epi minit yo konte paske genyen lavi ki an danje. Nou se yon nasyon ki kapab simonte nenpòt defi — nou pral simonte defi sa a epi Amerik pral pi gran pou li, epi espwa mwen se ke New York pral montre chemen pou swiv la."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,812 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 15,168 ka konfime nan Eta New York. Nan total 15,168 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	123	35
Allegany	2	0
Broome	3	1
Chenango	3	1
Clinton	4	0
Columbia	5	3
Cortland	1	1
Delaware	3	2
Dutchess	82	33
Erie	54	16
Essex	3	1
Fulton	1	0
Genesee	1	0
Greene	2	0
Hamilton	2	0

Herkimer	4	1
Jefferson	1	0
Livingston	2	0
Madison	1	1
Monroe	57	15
Montgomery	3	0
Nassau	1,900	667
Niagara	6	2
New York City	9,045	2,832
Oneida	5	1
Onondaga	29	12
Ontario	6	2
Orange	247	84
Putnam	37	15
Rensselaer	26	6
Rockland	455	193
Saratoga	41	6
Schenectady	39	7
Schoharie	1	0
St. Lawrence	1	1
Steuben	3	1
Suffolk	1,034	373
Sullivan	16	4
Tioga	1	0
Tompkins	13	2
Ulster	26	8
Warren	1	0
Washington	1	0
Wayne	3	0
Westchester	1,873	486
Wyoming	2	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)